



Lwa sou Diyite pou Tout Elèv (Dignity for All Students Act)

Si asèlman, entimidasyon ak/oswa discriminyasyon ap fèt nan lekòl la, sou lakou lekòl la oswa pandan yon evènman eskolè/aktivite ki fèt andeyò lakou lekòl la, Lwa NYS la rekòmande pou tout distri yo mete mezi ak règleman anplas pou moun ki viktim nan ka rapòte entimidasyon an, jan li rekòmande la a:

- Jwenn yon reprezantan administratif pou resevwa rapò sou asèlman, entimidasyon ak diskriminyasyon yo (pa egzanp, Kowòdonatè DASA a)
- Pèmèt elèv, manm fanmi ak lòt moun pou yo fè yon rapò aloral oswa alekri bay responsab lekòl la;
- Rekòmande anplwaye lekòl la pou l enfòmasyon yon administratè oswa reprezantan (pa egzanp Kowòdonatè DASA a) nan delè yon jou lekòl kote li temwen oswa resevwa yon rapò sou asèlman, entimidasyon oswa diskriminyasyon epi pou l soumèt yon rapò nan yon delè ki pa depase

- Rekòmande pou tout anplwaye lekòl, elèv ak paran yo resevwa yon kopi ki gen règleman distri a, ki gen ladan pwosesis pou rapòte yon asèlman, entimidasyon ak diskriminyasyon, omwen chak ane;
- Asire ke yo mentni yon vèsyon aktyèl ki gen règleman distri a ak pwosedi yo, ki gen ladan fòmilè pou rapòte ensidan an, sou sitwèb distri a.

Tanpri kontakte biwo lekòl/distri a epi swiv pwosedi lekòl la ak distri a mete anplas yo pou moun fè rapò sou ensidan ki fèt sou lakou lekòl/distri a.